



# Ou gen remak oswa kesyon?

Rele **239-533-8726** Opsyon 7  
oswa ale nan  
[Leegov.com/leetran/ultra](http://Leegov.com/leetran/ultra)



LT240210191

## Kesyon moun poze souvan:

### **Ki sa transpò sou demann ye?**

Transpò sou demann fonksyone nan zòn sèvis espesifik lè yo bay sèvis transpò pòt-a-pòt epi tou lè yo konekte pasaje yo nan liy bis fiks LeeTran pou vwayaj k ap kontinye atravè Konte Lee.

### **Ki jan mwen ka rezève yon kous?**

Itilizatè yo ka mande kous atravè aplikasyon ULTRA on demand transit, oswa lè yo rele LeeTran nan 239-533-8726 opsyon 7. Yon fwa ou te rezève kous ou a, y ap voye di w nan konbyen tan apeprè y ap pase pran w e y ap ba w enfòmasyon an tan reyèl sou demann vwayaj ou a. Chofè w la pral sou wout pou l pase pran w nan pwen twotwa ki pi pre a. Asire w ou pare pou yo pase pran w sinon yo ka make w nan aplikasyon kòmkwa ou pa prezante e yo ka faktire w pou sa.

### **Ki jan demann pou pase pran w lan mache?**

Machin transpò sou demann ULTRA yo pase pran pasaje kote yo vle a, lè yo itilize orè nan tan reyèl pou yo gen plis chans jwenn sa k ap bon pou yo, redui tan yo fè ret ap tann, epi konble bezwen vwayaj moun nan zòn jeyografik ki defini.

### **Nan ki lè ULTRA fonksyone?**

7:00 a.m. to 6:00 p.m. Lendi rive dimanch.

### **Ki lè pou pi ta mwen ka fè yon demann vwayaj?**

Lè ki pi ta w ka fè yon demann vwayaj se 5:30pm. Sèvis pou ULTRA fini a 6:00 pm.

### **Pou ki kote m ka pran yon kous ak sèvis ULTRA a?**

Kat zòn sèvis ULTRA nou an presize zòn sèvis yo disponib kote ou ka pwograme sèvis twotwa a twotwa k ap bon pou ou atravè aplikasyon ULTRA a.

### **Ki fason sèvis ULTRA yo diferan de liy sèvis fiks estanda LeeTran yo?**

ULTRA se yon sèvis transpò ki pèmèt pasaje yo aranje pou yo pase pran yo nan zòn sèvis ki dezien yo. Sèvis sa a differan de sèvis liy sèvis fiks tradisionèl yo piske pasaje a pa bezwen vwayaje al nan yon arè bis espesifik ansamm ak yon liy bis nan yon lè byen presi pou l ka jwenn yon kous ak transpò publik. Sèvis ULTRA a pèmèt pasaje yo mande yon kous k ap bon pou yo epi suiv machin yo nan zòn yo a atravè aplikasyon ULTRA a.

### **Èske m ka chanje kote y ap pase pran m nan aprè m mwen fin fè yon demann?**

Ou pa ka chanje kous ou deja genyen an. Sepandan, ou ka anile kous ou a epi rezève yon nouvo kous ki bon pou kote y ap

pase pran w lan oswa kote w prale a. Si chofè a deja konfime kous ou a, ou ka gen pou w peye yon frè \$2 dola pou anilasyon an.

### **Ki jan pou m peye?**

Gen plizyè fason w ka peye yon kous ULTRA! Ou ka peye atravè aplikasyon ULTRA a lè w sèvi ak fonksyonalte perman an nan aplikasyon an. Ou ka rele tou nan telefòn pandan w ap fè yon demann atravè sant sèvis nou an nan 239-533-8726 opsyon 7. Ou ka peye kach tou apre w fin fè demann vwayaj ou a pa telefòn.

### **Konbyen valiz mwen ka pote ak mwen nan kous mwen an ak ULTRA?**

Akoz espas limite nan machin nou yo, chak pasaje ka pote jiska de valiz ki pa twò gwo pandan kous yo a.

### **Èske gen rabè sou pri kous la pou etidyan yo ak granmoun aje yo?**

Tout kous ULTRA yo gen yon pri estanda. Pa gen rabè pou sèvis sa a pou kounye a.

### **Èske timoun yo oblige chita nan yon chèz pou timoun pandan y ap vwayaje?**

Timoun ki gen mwens pase 5 an dwe nan yon chèz pou timoun ki gen yon adilt ki akonpaye l avèk li. Paran yo responsab pou sekirite timoun ki akonpaye yo e yo mande yo pou yo asire yo senti sekirite yo byen boukle pandan trajè a nan yon bis ULTRA.

### **Èske timoun bezwen peye pou kous la?**

Timoun ki gen 6 zan oswa mwens vwayaje gratis nan ULTRA ak adilt ki akonpaye l ki peye a. Chak timoun anplis dwe gen yon adilt ki peye pou akonpaye l pou l ka fè trajè a gratis. Ou dwe mande kous pou timoun nan sèvis kliyan pou w ka jwenn trajè a gratis pou yo. Aplikasyon ULTRA a pap elimine tarif pou timoun pou kounye a. Dapre direktiv ULTRA yo, pou yon pasaje ka gen yon kont ULTRA epi fè demann pou yon kous, pasaje a dwe gen omwen 18 an. Kèlkeswa moun laj li pi ba pase sa dwe gen yon adilt ki akonpaye l ki gen 18 an oswa ki pi gran nan tout kous yo.

### **E si kote m mande pou yo pase pran m nan se nan yon kominate rezidans sekirize li ye?**

Y ap toujou pase pran moun andeyò kominate rezidans sekirize yo, kote wout publik ak prive rankontre, oswa nan clubhouse la si li nan yon distans rezonab ak antre rezidans sekirize a. Yo pap bay ULTRA aksè nan kominate rezidans ki sekirize yo.

**Vin jwenn plizyè milye  
moun ki déjà itilize Sèvis  
transpò sou demann  
ULTRA nan zòn Lehigh  
Acres ak Bonita Springs**



**ULTRA**  
On Demand Transit

Yon sèvis LeeTran ofri



[Leegov.com/leetran/ultra](http://Leegov.com/leetran/ultra)



# Sèvis transpò sou demann-LeeTran's ULTRA se yon ti otobis deliks ki ka mennen w nenpòt kote nan zòn sèvis ki deziyen yo.

Nou disponib sèt jou pa semèn soti 7:00 am rive 6:00pm,  
sèvis transpò sou demann ULTRA LeeTran twotwa a twotwa  
a pèmèt pasaje yo mande yon kous selon bezwen yo!

Sèvis sa a disponib pou nenpòt moun e se premye moun ki vini an y ap sèvi  
nan zòn sèvis ki deziyen yo. Ak aplikasyon transpò sou demann Ultra a  
pasaje yo ka pwograme epi suiv kous yo a an tan reyèl!

## HKi jan pou m telechaje aplikasyon ULTRA a?

Li fasil pou telechaje aplikasyon an! Aplikasyon an disponib ni sou  
platfòm pou telechaje aplikasyon pou Android ni sou platfòm pou  
telechaje pou Apple. W ap senpleman ale nan app Store a epi tape  
ULTRA on demand transit nan ba rechèch la epi chèche imaj sa a   
nan lis k ap defile a.

Yonfwa w jwenn li, klike "Get" oswa "install"  
epi suiv tout etap verifikasyon pou ka  
fè telechajman an.

